

Steps la nan adrès ki endike anba la a. Si w voye yon demann alekri bay LES, yo pral voye demann la bay ESSO nan lespas 24 èdtan.

Part C Coordinator
Florida Department of Health
Children's Medical Services
Early Steps State Office
4052 Bald Cypress Way, Bin A06
Tallahassee, FL 32399

Yon demann alekri pou yon odyans dwe enkli enfòmasyon ki annapre la yo:

- non ak adrès timoun lan;
- non ak adrès paran (yo);
- non ak adrès Local Early Steps la oswa founisè sèvis la kont moun plent la ap fèt ;
- yon deskripsyon sou nati plent lan nan fason li gen rapò ak Plan Sipò Endividyèl pou Fanmi (IFSP) an oswa dosye Early Steps yo;
- yon rezolisyon ki pwopoze pou pwoblèm lan nan mezi yo konnen ki disponib pou pati yo nan moman an.
- siyati paran ki mande odyans pou pwosè san patipri an, ak dat li te siyen li.

Aprè yo fin resevwa demann alekri pou pwosesis la epi detèmine li sifizan, ESSO ap voye ba ou enfòmasyon sou etap, delè, k ap vini yo epi pran yon randevou pou reyinyon pou rezolisyon an avèk ou ak lòt manm ekip IFSP ki enpòtan pou yo eseye rezoud pwoblèm yo.

Kisa yon Eskedil Odyans San Patipri ye?

LES ak ESSO pral travay ansanm pou kowòdone ak bay yon dat pou odyans lan.

ESSO pral voye yon kopi demann pou odyans la ak tout dokimantasyon alekri bay Department of Health, Biwo Office of the General Counsel. Biwo Konsil Jeneral la pral voye kopi tout dokiman korespondans yo nan Department of Management Services, Division of Administrative Services (DOAH) la.

Kisa yon Odyans San Patipri ye?

Yon odyans san patipri se yon pwosesis san patipri yo itilize pou rezoud dezakò ki gen nan Plan Sipò Endividyèl pou Fanmi (IFSP) - sètadi tankou desizyon sou kalifikasyon oswa chanjman ki pwopoze nan sèvis pitit ak fanmi w - oswa yon enfòmasyon konteste ki nan dosye Early Steps (Etap Bonè) yo. Odyans san patipri gratis pou ou eksepte si w chwazi pou anboche yon avoka.

Si ou mande pou yon odyans oswa enfòmasyon sou yon odyans, Local Early Steps (Etap Bonè Lokal) (LES) pa pral enfòme w sou nenpòt sèvis legal ak sèvis pledwaye gratis oswa a pri ba ki disponib. LES pral fè w konnen tou si yo kapab fè medyasyon an, ak dwa w pou yon reyinyon pou rezolisyon.

Ki moun ki ka demann pou yon Odyans San Patipri?

Yon paran (yo) kapab fè yon demann alekri pou yon odyans bay LES la oswa Biwo Leta Early Steps (ESSO) pandan timoun nan enskri nan Early Steps oswa nan lespas 2 zan ki vini apre dat paran an te konnen (oswa ta dwe konnen) konsènan aksyon pretandi an.

Kijan pou mwen klase yon Odyans San Patipri?

Ka voye yon demann alekri pou yon odyans nan Local Early Steps (LES) oswa Biwo Leta Early Steps (ESSO) la. Ou kapab voye yon demann alekri bay Biwo Leta Early

Kimoun ki Pral Dirije Odyans San Patipri an?

Odyans pou pwose san patipri an pral fèt pa yon ofisye odyans **san patipri** nan Divizyon Odyans Administratif yo. Ofisye odyans la pral:

- . / Aprann sou IDEA Part C ak sèvis ki disponib yo pou timoun ak fanmi yo ki elijib.
- . / Gen kapasite pou fè yon odyans ak ekri desizyon yo.
- . / Founi yon dosye odyans la ak yon desizyon alekri.
- . / Pa dwe yon anplwaye ESSO, LES oswa nenpòt lòt òganizasyon ki angaje pou ofri sèvis entèvansyon bonè pou pitit ou an.
- . / Pa dwe genyen okenn enterè ki ka ge konfli avèk kapasite yo pou yo ka jis san patipri pandan odyans la.

Ki kote Odyans la Pral Fèt ak Konbyen Tan Li Pral Dire?

Odyans lan dwe fèt nan yon lè ak kote rezonab ki bon pou ou. Yo dwe konplete odyans lan epi voye yon desizyon alekri ba ou ak lòt pati a (yo) nan lespas 45 **jou ouvrab apre** yo te resevwa demann pou odyans lan nan men ESSO.

Ki Dwa Mwen Genyen Pandan Odyans San Patipri an?

Nenpòt paran ki angaje nan yon odyans san patipri gen dwa pou:

- A. Vini akonpaye avèk yon avoka oswa avèk yon moun ki gen konesans espesyal sou sèvis entèvansyon bonè pou timoun ki kalifye anba Part C IDEA an.
- B. Prezante prèv, kesyon, ak egzije prezans temwen yo.
- C. Resevwa alekri oswa elektwonikman odyans la oswa anrejistremant mo-pou-mo pou gratis.

- D. Resevwa alekri oswa elektwonikman tout dekouvi faktè ak desizyon yo pou gratis.

E. Ouvri odyans la pou piblik la sou demann; odyans lan fèmen pou piblik la amwenske pati yo mande pou li louvri.

Pati yo ki patisipe nan odyans lan pap kapab entwodwi okenn prèv nan odyans la yo pat founi w nan omwen 5 jou anvan odyans lan.



Kisa Ki Pral Rive Sèvis Pitit Mwen an pandan Odyans la?

Pandan peryòd tan odyans san patipri an, pitit ou a dwe kontinye resevwa sèvis l ap resevwa kounye a depi anviwònman ki endike nan IFSP an kounye a an sof si ou menm ak lòt pati a (yo) dakò yon lòt jan. Si w ap aplike pou premye sèvis yo, pitit ou an pral resevwa sèvis yo ki pa an kesyon yo jan lalwa otorize nan IFSP li.

E Si Mwen Pa Dakò Avèk Desizyon Odyans San Patipri an?

Yo konsidere desizyon ofisye odyans la **final**. Si ou pa dakò avèk desizyon an, ou ka pote yon aksyon sivil nan tribinal leta oswa distri an. Ou genyen 90 jou apatide dat desizyon an pou kòmanse aksyon sivil la.

Pou Lòt Enfòmasyon

Plis enfòmasyon sou odyans san patipri ki disponib nan biwo lokal Early Steps ou an oswa lè w kontakte Biwo Leta Early Steps nan adrès ki anba a, atravè sit entènèt la nan <http://www.cms-kids.com>, oswa rele nan 850-245-4200. Ou kapab jwenn enfòmasyon sou ka w la lè w rele nan Anyè Santral la nan 1-800-654-4440.

Part C Coordinator Florida
Department of Health Children's
Medical Services
Early Steps State Office 4052
Bald Cypress Way, Bin A06
Tallahassee, FL 32399



Yon
Gid pou
Paran
Pou
Konprann

octobre 2013

Florida Department
of Health Children's
Medical Services
Early Steps State
Office

Odyans
San
Patipri
pou
Early Steps